



**PENILAIAN AKHIR SEMESTER GANJIL
MI PSM SATRIYAN
TAHUN PELAJARAN 2023 / 2024**

**Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : 6 (enam)**

**Hari / Tanggal : Senin , 4 Desember 2023
Waktu : 07.30 – 09.00**

A. Pilihlah aksara a,b,c, utawa d ing wangsuln kang kok anggep bener !

Wacan iki kanggo nggarapnomer 1, 2, 3, lan 4.

Taksi Tenaga Srengenge

Patemon Lingkungan Hidup sadonya ing Hotel Nusa Dua Bali sawetara wektu kepungkur sing narik ati jalaran ditekani taksi nganggo tenaga srengenge Mobi du ditumpaki saka Bandara Ngurah Rai nganti Hotel Nusa Dua Sattalan dalam dadi tontonane wong akeh. Aja maneh mung wong biasa, delegasi saka sawetara Negara uga padha gumun weruh mobil kasebut. Malah ana kang njajal numpak ngabeng hotel

Solar Taxi (Taksi tenaga surya) iki karyane Louis Palmer, Sawijining guru asal Negara Swis Mobil iki dadi punjering kawigaten delegasi patemon kasebut. Jalaran kanthi langsung nuduhake kepriye carane manungsa uwal saka perkara pemanasan global sing bakal ngancam keslametane manungsa.

Miturut Louis, mobil iki salah sijine cara kanggo ngurangi gas emisi kanthi migunakake sarana transportasi sing ramah lingkungan. Solar taxi iki migunakake bahan bakar tenaga srengenge, saengga ora ngasilake gas emisarupa karbon dioksida kaya mobil, sepedha motor, kapal mabur, kreta lan kapal Kendharian sing saiki laju isih gumantung bahan baker minyak (BBM) sing ngetokake karbondioksida.

Solar taxi didesain kanthi rodha telu diklompliti trailer mini rodha loro Trailer kanggo ngakut panel solar cell ukuran enem meter persegi Panetiki gunane kanggo nglumpukake panase srengenge Sawise ngumpul, energi srengenge diowahi dadi energi listrik sing banjur disimpen ing baterei. Lumayan, energi kuwi bisa kanggo mlaku udhakara 100 kilometer. Manawa mlaku luwih 100 kilometer banjur energine entek bisa nganggo baterei cadhangan. Playune mobil paling banter 90 km/jam

1. Solar taxi dicipta kanggo tujuan apa? Wangsuln sing luput, yaiku...
 - a. uwal saka pemanasan global
 - b. ngurangi gas emisi
 - c. transportasi ramah lingkungan
 - d. kanggo nambah karbon dioksida
2. Apa arane piranti kanggo nglumpukake sunare srengenge?
 - a. trailer mini rodha loro
 - b. panel solar cell
 - c. baterei tenaga listrik
 - d. baterei cadhangan
3. Saka ngendi nganti ngendi mobil tenaga surya ditumpaki?
 - a. Bandara Ngurah Rai nganti Bali
 - b. Bandara Ngurah Rai nganti Hotel Nusa Dua
 - c. Hotel Nusa Dua menyang Bandara Ngurah Rai
 - d. Ngubengi hotel Nusa Dua Bali
4. Louis Palmer sing gawe mobil iki asale saka ngendi?
 - a. Bali

- b. Swis
 - c. Nusa Dua
 - d. Ngurah Rai
5. Ngandharake kedadean sabenere, iki salah sijine ciri
- a. teks fiksi
 - b. teks peruasif
 - c. teks informasi
 - d. teks narasi
6. Sing klebu ukarane teks iklan, yaiku....
- a. Bakal dileksanakake saben dina Setu.
 - b. Regane murah nanging piguna kanggo kesehatan.
 - c. Yen mateng rupane lan yen dipiket empuk.
 - d. Yen dietung ana lima, nanging jarene ana enem.
7. Kanggo njaga supaya sumber banyu panggah bisa mili ing mangsa ketiga Kudune njaga lingkungan kanthi lingkungan....
- a. digawe sawah sing jembar
 - b. digawe perumahan sing akeh
 - c. ditanduri wit-witan gedhe
 - d. diresiki banjur ditanduri suket
8. Herbalis diramu saka gegodhongan sing akeh kasiate. Diolah kanthi cara modern lan bisa ngobati sakehing penyakit kaya sirah mumet, weteng mules, keju linu. Herbalis bisa dipesen liwat online kanthi rega Rp500.000,00. Teks iki klebu
- a. iklan
 - b. pawarta koran
 - c. deskripsi
 - d. artikel
9. Wacan iki sing klebu teks informasi, yaiku ...
- a. iklan, dongeng, crita cekak
 - b. deskripsi, iklan, pariwisata
 - c. pawarta, pariwisata, dongen
 - d. pariwisata, dongeng, crita rakyat
10. Pariwisata: Kabeh warga Desa Banyubiru mbesuk dina Selasa, 12 Mei 2019 wajib padha nggunakake hak pilih. Pilihan kepala desa sing dileksanakake ing balai desa wiwit jam 08.00 nganti rampung. Saka pariwisata kasebut bisa entuk informasi
- a. warga Desa Banyubiru mbesuk dina Selasa
 - b. pilihan kepala desa, Selasa, 12 Mei 2019
 - c. wajib nggunakake hak pilih

d. wiwit jam 08.00 nganti rampung

Tembang iki kanggo jawab no 11 – 14

Dhandhanggula

Wonten malih tuladha prayogi

Satriya gung ing nagri Ngalengka

Sang Kumbakarna arane

Tur iku warna diyu

Suprandene nggayuh utami

Duk awit prang Ngalengka

Den nya durbe atut

Mring raka mrih raharja

Dasamuka tan teguh ing atur yekti

Dening mungsuh wanatar

11. Kapriye ature Kumbakarna marang rakane ?

- a. Nagri mrih raharja
- b. Nagri nggayuh utami
- c. Denya darbe atur
- d. Tan teguh ing atur yekti

12. Perang Ngalengka kuwi perang antarane

- a. Kumbakarna nglawan Dasamuka
- b. Kumbakarna nglawan tindak utama
- c. Ngalengka mungsuh Dasamuka
- d. Diyu mungsuh wanara

13. Tembang dhandhanggula ing dhuwur satriya sing jenenge ...

- a. Ngalengka
- b. Kumbakarna
- c. Dasamuka
- d. Wanara

14. Wujude Kumbakarna yaiku arupa ...

- a. Satriya
- b. diyu
- c. utami
- d. wanara

Tembang iki kanggo jawab nomer 15 – 17

Samoun mijil sang pratanggapati

Kawuryan mencorong

Amadhang jagad sijine

Mangkana hembeging narapati

Mring padhang ing yekti

15. Tembang ing dhuwur jenenge tembang ...

- a. Mijil

- b. Kinanthi
 - c. megatruh
 - d. Sinom
16. Sastimate tembang dumunung ing tembung ...
- a. sampun
 - b. mijil
 - c. lawuryan
 - d. pratanggapati
17. Mring padhanging yekti iku tegese ...
- a. marang padhanging jagad
 - b. maringi sunar marang jagad
 - c. temen-temen maringi pepadhang
 - d. temenan madhang jagad
18. Duk awit prang Ngalengka . Perangan tembang Dhandhanggula iki gatra ke ...
- a. 3
 - b. 4
 - c. 5
 - d. 6
19. Tembang sing kedadayan saka 7 gatra 8a,11i,8u,7a,12u , diarani tembang ...
- a. Kinanthi
 - b. Gambuh
 - c. Amaradana
 - d. Pangkur
20. Tembang Kinanthi kadadean saka ...
- a. 7 gatra : 8a,11i,8u,7a,12u,8a,8i
 - b. 7 gatra : 12a,7i,6a,7a,8i,5a,7a
 - c. 7 gatra : 8a,8a,8e,8a,7a,8u,8a
 - d. 6 gatra : 8u,8i,8a,8i,8a,8i
21. Perangane unggah ungguh basa iku ana ...
- a. papat
 - b. telu
 - c. loro
 - d. limo
22. Bocah kudu kudu duwe suba sito . Tegese tembung suba sito yaiku ...
- a. duwe sangu
 - b. duwe tata karma

- c. duwe ilmu
 - d. duwe cita –cita
23. Basa karma madya iku digunakake kanggo ...
- a. bocah do bocah
 - b. bocah menyang simbahe
 - c. bocah menyang kanca raket utawa kangmase
 - d. bocah marang adike
24. Bapak lagi lungo menyang Surabaya . Ukara ing sisih yen dikramakke inggil dadi ...
- a. Bapak nembe lungo ing Surabaya
 - b. Bapak miyos dating Surabaya
 - c. Bapak lungo wonten Surabaya
 - d. Bapak nembe tindak dateng Surabaya
25. Nabok nyilih tangan. Bebasan iki tegese ...
- a. Nyilih dhuwit kancane diakokake wong liya.
 - b. Nindakake tumindak ala kanthi kongkonan wong liya.
 - c. Tumindak ala bebarengan karo wong akeh.
 - d. Karepe ngapusi wong liya, nanging malah kapusan dhewe.
26. Ukara ngisor iki sing klebu bebasan yaiku
- a. Angon ulat ngumbar tangan.
 - b. Asu gedhe menang kerahe
 - c. Eman-eman ora keduman
 - d. Enggon welut didoli udhet.
27. Pak Yudi nyilih dhuwit sayuta kanggo berobat marang Pak Manan. Pak Manan gelem nyilihi, nanging sesasi ora bisa mbalekake kudu nambahi satus ewu.Kedadeane Pak Manan ngene iki bisa dibebasakake ...
- a. Diwenahi ati ngrogoh rempela.
 - b. Tulung menthung
 - c. Tuna satak, bathi sanak
 - d. Sepi ing pamrih rame ing gawe.
28. Endas gundhul dikepeti. Tegese bebasan iki...
- a. Supaya sirahe sansaya isis.
 - b. Yen wis kepenak goleka sing luwih kepenak.
 - c. Wis kepenak ditambahi kepenak maneh.
 - d. Kepenake manungsa kuwi tansah kurang.
29. Unen-unen kang gumathok, ajeg pang- anggone, lan tegese wantah diarani
- a. parikan
 - b. bebasan

- c. paribasan
 - d. saloka
30. Hersa ora melu mbolos kancane sing dolan, nanging Hersa diarani melu. Kahanane Hersa diparibasakak
- a. ketula-tula ketali
 - b. kriwikan dadi grojogan
 - c. ketiban awu anget
 - d. kencana katon wingka

B. Pilihlah loro (2) jawaban sing bener kanggo no 21 teko 25 !

31. Sing mbedakke wacan teks informasi karo teks fiksi yaiku ...
- a. kedadeane
 - b. kabutuhane
 - c. Setting panggonan
 - d. tujuane
32. Kanggo menehi ngerti marang wong liya sing sipate ngajak bias saran gawe ...
- a. crito fiksi
 - b. iklan
 - c. crito non fiksi
 - d. slogan
33. Ing ngisor iki kang kalebu keluargane punakawan yaiku ...
- a. Semar
 - c. Janaka
 - b. Bagong
 - d. Werkudara
34. Sak durunge gawe karangan sing perlu ditindakake yaiku ...
- a. nemtokake kesimpulan
 - b. gawe kerangka karangan
 - c. nemtokake tema
 - d. maca sing suwi
35. Pawarta sing diandharake kuwi kudune akurat, tegese informasi sing diandharake....
- a. abener-bener dumadi
 - b. kudu nyakup 5W+1H
 - c. kudu bisa diwaca
 - d. dingerteni wong sing dituju

C. Gantinen ukara –ukara ing ngisor iki nganggo aksara latin !

Perhatian jawaban ditulis nganggo huruf cilik kabeh per kata dispasi conto **aku mangan tahu**

1. 
2. 
3. 
4. 
5. 